



BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Sanggeus niténan carita rayat ngeunaan Tradisi Kuda Kosong nu dikumpulkeun ti tilu narasumber, kapanggih yén carita kuda kosong téh aya pakuat-pakaitna jeung Babad Cikundul Cianjur. Carita rayat ngeunaan kuda kosong nu sumebar di masarakat ngabogaan vérsi nu sarua.

Ngeunaan papasingan warna jeung unsur caritana, carita rayat ngeunaan kuda kosong téh kaasup kana dongéng sagé. Ku sabab eusina nyaritakeun lalampahan hiji jalma anu dianggap karuhun ku masarakat, ku lantaran éta jalma anu ngarundaykeun turunan di hiji tempat nya éta tokoh Dalem Cikundul jeung Radén Suryakencana.

Tradisi Kuda Kosong sorangan mangrupa salah sahiji warisan tradisi nu aya di Kabupatén Cianjur. Tradisi kuda kosong sok diayakeun sataun sakali dina mapag poé kamerdékaan Nagara Republik Indonesia nya éta unggal 17 Agustusan.

Babad Cikundul Cianjur mangrupa karya sastra wangun tinulis nu ngandung ajén sajarah. Babad Cikundul Cianjur medar silsilah para bupati Cianjur katut peristiwa-peristiwa nu dianggap pernah aya.

Carita Babad Cikundul Cianjur kaasup kana légenda hiji wewengkon, sanajan dina caritana bisa ogé kaasup dongéng sagé. Ku sabab dina Babad Cikundul Cianjur dicaritakeun asal-muasal kota Cianjur jeung asal usul ngaran

hiji tempat nu aya di Kabupatén Cianjur (*toponemik*). Kaasup dongéng sagé ku sabab nyaritakeun lalampahan hiji jalma anu dianggap karuhun di masarakat nu ngarundaykeun turunan di hiji tempat.

Struktur carita Babad Cikundul Cianjur nu dipedar ngawengku alur, tokoh, karakter, jeung tema. Runtuyan unsur pangwangunna éta carita kuda kosong dipedar dina raraga ngaanalisis segi intrinsikna.

Tina hasil babandingan antara carita rayat Kuda kosong, Babad Cikundul Cianjur, jeung prak-prakan tradisi Kuda Kosong, Carita Rayat Kuda Kosong jeung Babad Cikundul Cianjur ngabogaan 9 unsur babandingan nu sarua tina 14 bagian nu dibandingkeun. Dina prak-prakan Tradisi Kuda Kosong aya sababaraha bagian anu teu aya dina Carita Kuda kosong jeung dina Babad Cikundul Cianjur. Tapi saéstuna antara carita rayat Kuda Kosong, Babad Cikundul Cianjur, jeung prak-prakan Tradisi Kuda Kosong sanajan teu sarua tapi silih lengkepan.

5.2 Saran

Sanggeus réngsé nalungtik Carita rayat dina Tradisi Kuda Kosong, loba pisan mangpaatna pikeun panyusun. Di sagigireun ngaguar masalah tradisi, ogé bisa nambahan pangaweruh ngeunaan sastra jeung sajarah hususna sajarah Cianjur.

Sangkan ajén kamangpaatan tina ieu panalungtikan téh bisa karasa ku sakumna pihak, panalungtik hayang nepikeun saran pikeun kahadéan balaréa, anu di antarana ieu di handap :

- 1) Pikeun pihak lembaga pendidikan, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun alternatif bahan ajar. Sabab ieu carita rayat téh bisa dijadikeun bahan pangajaran di sakola-sakola.
- 2) Pikeun masarakat, ku ayana ieu panalungtikan mudah-mudahan masarakat Cianjur bisa miara tur ngamumulé tradisi nu aya di Kabupatén Cianjur hususna, katut sajarah Cianjur.
- 3) Pikeun lembaga panalungtikan, panyusun ngarasa ieu panalungtikan téh jauh kénéh kana kasampurnaan. Kacida hadéna upama garapan samodel kieu dituluykeun deui. Widang garapanana leuwih dihususkeun deui sangkan leuwih teleb dina ngama'naanana.